# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## ӨНИМЛЕРДИ ҲӘМ ХЫЗМЕТЛЕРДИ СЕРТИФИКАТЛАСТЫРЫЎ ҲАҚҚЫНДА
**(жаңа редакция)**

Бул редакция 27.12.2006-ж. №118/III-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
29.08.2007-ж. 141/III-санлы ҚР Нызамы

Усы Нызам Қарақалпақстан Республикасы өнимлер, хызметлер ҳәм басқа объектлерди (буннан кейин «өнимлер» деп айтылады) сертификатластырыўдың ҳуқықый, экономикалық ҳәм шөлкемлестириў тийкарларын, сондай-ақ, сертификатластырыў қатнасықларының ҳуқықлары, миннетлери ҳәм жуўапкершилигин белгилеп береди.

## I-БАП
## УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

**1-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

«сертификатластырыў миллий системасы»-мәмлекетлик дәрежеде ҳәрекет ететуғын, сертификатластырыў өткериўде өз тәртип ҳәм басқарыў қәделерине ийе болған система;

«өнимлерди сертификатластырыў» (буннан кейин «сертификатластырыў» деп айтылады)-өнимлердиң белгиленген талапларға муўапықлығын тастыйықлаўға байланыслы жумыс;

«муўапықлық сертификаты»-сертификатланған өнимниң белгиленген талапларға муўапықлығын тастыйықлаў ушын сертификатластырыў системасы қәделерине муўапық берилген ҳүжжет;

«муўапықлық белгиси»-өним ямаса хызмет анық стандартқа яки басқа да норматив ҳүжжетлерге муўапық екенлигин көрсетиў ушын өнимге ямаса көрсетилген хызметке байланыслы ҳүжжетке қойылатуғын, белгиленген тәртипте дизимге алынған белги;

«бир түрдеги өнимлерди (жумысларды, хызметлерди) сертификатластырыў системасы»-дәл бир түрдеги стандартлар ҳәм қәделер қойылатуғын белгили бир өнимлер, жумыслар ямаса хызметлерге байланыслы сертификатластырыў системасы;

«сынаў лабораториясын аккредитациялаў»-сынаў лабораториясының (орайының) белгили бир өнимди сынаўды ямаса белгили бир сынаў түрин әмелге асырыўға байланыслы ўәкилликлериниң рәсмий мойынланыўы;

«сапа бойынша эксперт-аудитор» - нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте аккредитацияланған, сертификацияластырыў, аккредитациялаў етиў ҳәм қадағалаў тараўындағы жумысларды жүргизиў ушын тийисли билимге ийе болған қәниге;

«сертификациялаў тараўындағы қадағалаў уйымы» - сертификатластырыў бойынша уйымлардың тапсырмасына муўапық сертификатланған өнимди ҳәм сапаны басқарыў системаларын баҳалаўды әмелге асырыўшы, белгиленген тәртипте аккредитацияланған уйым;

«инспекциялық қадағалаў» - сертификатланған өнимди ҳәм сапаны басқарыў системаларының, ямаса өндиристиң, сертификатластырыў уйымларының, сынаў лабораторияларының (орайларының) жумысын сертификатластырыў ҳәм аккредитациялаўдың белгиленген талапларына муўапықлығын тастыйықлаў мақсетинде өткерилетуғын қайта баҳалаў процедурасы.

**2-статья. Сертификатластырыўдың мақсетлери ҳәм ўазыйпалары**

Сертификатластырыў:

Адамлардың өмири, ден саўлығы, юридикалық ҳәм физикалық шахслардың мүлки және қоршап турған орталық ушын қәўипли болған өнимлердиң сатылыўын қадағалаў;

өнимлердиң дүнья базарында бәсекиге уқыплылығын тәмийинлеў;

мәмлекетимиз кәрханалары ҳәм қоспа кәрханаларды, исбилерменлерди халық аралық дәрежедеги экономикалық, илимий-техникалық бирге ислесиўге ҳәм халық аралық саўда-сатыққа қатнасыўы ушын жағдай туўғызыў;

тутыныўшыны таярлаўшының (сатыўшының, атқарыўшының) ҳүждансызлығынан қорғаў;

өним таярлаўшысы (сатыўшысы, атқарыўшысы) билдирген сапа көрсеткишлерин тастыйықлаў мақсетинде әмелге асырылады:

Сертификатластырыў мәжбүрий ҳәм ықтыярлы түрде болады.

**3-статья. Сертификатластырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери**

Сертификатластырыў саласындағы мүнәсибетлер усы Нызамға ҳәм оған муўапық шығарылатуғын Қарақалпақстан Республикасының басқа да нызам ҳүжжетлери менен де ретлестиреди.

**4-статья. Халық аралық шәртнамалар ҳәм келисимлер**

Егер халық аралық шәртнама ямаса келисимде сертификатластырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылғаннан басқада қәделери белгиленген болса, ондай жағдайда халық аралық шәртнама ямаса келисимниң қәделери қолланылады.

**5-статья. Қарақалпақстан Республикасының сертификатластырыў уйымлары**

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы Қарақалпақстан Республикасының миллий сертификатластырыў уйымы болып табылады.

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы:

сертификатластырыў саласында, Қарақалпақстан Республикасында мәмлекетлик сиясатты әмелге асырады, сертификатластырыў өткериў бойынша улыўма қәделерди белгилейди, олар ҳаққында рәсмий мәлимлемелер жәриялап барады;

сертификатластырыў системасын жетилистириў бойынша бағдарламалардың жойбарларын ислеп шығады ҳәм оларды ҳүкиметтиң қарап шығыўына усынады;

бир түрдеги өнимлерди сертификатластырыў уйымларын аккредитациялаўға қатнасады, сынаў лабораторияларын (орайларын) аккредитациялаўға қатнасады;

бир түрдеги өнимлерди сертификатластырыўға аккредитацияланған уйымлар ҳәм сынаў лабораториялары (орайлары) сертификатластырыў қәделерине бойсыныўы үстинен ҳәм сертификатланған өнимлер үстинен мәмлекетлик тексериў ҳәм қадағалаўға қатнасады;

нызам ҳүжжетлериниң қәделери бузылғанлығы ушын муўапықлық сертификатлары ҳәм муўапықлық белгилерин бийкарлайды ҳәм ҳәрекетин тоқтатады;

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайының сертификатластырыў саласындағы жумысын материаллық тәмийинлеў дереги- мәмлекетлик бюджет қаржылары, сондай-ақ Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы көрсетип атырған хызметлер ушын алынатуғын ҳақыдан ибарат.

Бир түрдеги өнимлерди сертификатластырыўға аккредитацияланған уйымлар:

сертификатластырыўды шөлкемлестиреди ҳәм өткереди;

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы муўапықлық сертификатларын рәсмийлестиреди, береди ямаса сырт ел муўапықлық сертификатларын тән алады;

сертификатланған өнимлер үстинен инспекциялық қадағалаўды әмелге асырады.

Сынаў лабораторияларын (орайларын) ҳәм сертификатластырыў уйымларын аккредитациялаўға байланыслы шығынларды арза бериўши қаплайды.

Тийисли сертификатластырыў системасы белгиленген тәртипте аккредитацияланған сынаў лабораториялары (орайлары) белгили бир өнимлердиң

сынаўын ямаса белгили бир сынаў түрин әмелге асырады ҳәм сертификатластырыў мақсетлери ушын протоколлар береди.

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы өз ўазыйпаларының бир бөлегин бир түрдеги өнимлерди сертификатластырыў уйымларына ҳәм сынаў лабораторияларына (орайларына) өткериўге ҳақылы.

**6-статья. Сертификатластырыў объектлери ҳәм субъектлери**

Өнимлер (соның ишинде бағдарламалық ҳәм басқа да илимий-техникалық өнимлер), хызметлер, сондай-ақ сапа системалары сертификатластырыў объектлери болып табылады.

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайының өзи, ол тәрепинен аккредитацияланған ямаса тән алынған сертификатластырыў уйымлары, сынаў лабораториялары (орайлары), сертификатластырыў саласындағы қадағалаў уйымлары, сапа бойынша эксперт-аудиторлар, сондай-ақ өнимлери сертификатластырылыўы зәрүр болған кәрханалар, мәкемелер, шөлкемлер, физикалық шахслар сертификатластырыў субъектлери болып есапланады.

Сертификатластырыў субъектлери-юридикалық шахслар сертификатластырыўдың миллий системасы шеклеринде сертификатластырыў системаларын дүзиўи мүмкин. Юридикалық шахслардың сертификатластырыў системалары Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы белгилеген тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткерилиўи шәрт.

## II-БАП
## СЕРТИФИКАТЛАСТЫРЫЎ ЖУМЫСЫНА ҚОЙЫЛАТУҒЫН УЛЫЎМА ТАЛАПЛАР

**7-статья. Муўапықлық сертификаты ҳәм муўапықлық белги**

Өнимниң белгиленген талапларға муўапықлығы тастыйықланған жағдайда сертификатластырыў уйымы муўапықлық сертификатын береди, таярлаўшы усы сертификат тийкарында муўапықлық белгисин пайдаланыў ҳуқықына ийе болады.

Сертификатластырыў системасында пайдаланылатуғын муўапықлық сертификатларының аккредитацияланғанлығы ҳаққында гүўалықлардың үлгилери, миллий муўапықлық белгисиниң түрлери ҳәм көлемлери «Өзстандарт» агентлиги тәрепинен тастыйықланады.

Муўапықлық сертификатлары, муўапықлық белгилери, сертификатластырыў уйымлары ҳәм сынаў лабораторияларының (орайларының) аккредитацияланғанлығы ҳаққындағы гүўалықлары «Өзстандарт» агентлиги тәрепинен белгиленген тәртипте Мәмлекетлик реестрден өткерилиўи тийис.

Мәмлекетлик реестрде дизимнен өткерилмеген муўапықлық сертификатлары, муўапықлық белгилери, сертификатластырыў уйымлары ҳәм

сынаў лабораторияларының (орайларының) аккредитацияланғанлығы ҳаққындағы гүўалықлары ҳақыйқый емес.

Муўапықлық сертификатынан, муўапықлық белгисинен пайдаланыў ҳуқықын ҳәм сертификатластырыў уйымлары ҳәм сынаў лабораторияларының (орайларының) аккредитацияланғанлығы ҳаққындағы гүўалықларды арза ийеси басқа юридикалық ямаса физикалық тәрепке бериўи қадаған етиледи.

**8-статья.Сертификатластырыў жумысларын алып барыў**

Аккредитацияланған сертификатластырыў уйымы ҳәм сынаў лабораториялары (орайлары) сертификатластырыў ҳәм сертификатластырыў мақсетинде алып барылған сынаў жумысларын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте берилген аккредитацияланғанлығы ҳаққындағы гүўалық тийкарында әмелге асырады.

Өнимлерди сертификатластырыў ўақтында арза ийесине-муўапықлық сертификатын ямаса муўапықлық белгисин қолланыў ҳуқықы, аккредитацияланған тийисли уйым менен дүзилген келисим тийкарында бериледи.

**9-статья. Сертификатластырыў ҳаққындағы мәлимлеме**

Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы таярлаўшыларды (орынлаўшыларды), сатыўшыларды, тутыныўшыларды ҳәм басқа да мәпдар тәреплерди сертификатластырыўдың ҳәрекеттеги системалары, олардың уйымлары, сынаў лабораториялары (орайлары), экспертлер ҳаққында, сондай-ақ муўапықлық сертификатлары, муўапықлық белгилери ҳәм оларды қолланыў қәделери ҳаққында хабардар етеди.

Сертификатластырыў уйымлары арза ийесине оның талабына муўапық өнимди сертификатластырыў ушын керекли мәлимлемени бериўи шәрт.

Арза ийеси сертификатластырыў уйымының талабына муўапық, сертификатластырыўға байланыслы, коммерциялық сыр болып есапланатуғын мағлыўматлардан басқа, мәлимлемени бериўи шәрт.

## III-БАП
## ӨНИМЛЕРДИ МӘЖБҮРИЙ ҲӘМ ЫҚТЫЯРЛЫ СЕРТИФИКАТЛАСТЫРЫЎ

**10-статья. Мәжбүрий сертификатластырыўды енгизиў**

Мәжбүрий сертификатластырыўды өткериў жумысларын шөлкемлестириў Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайына ямаса оның тапсырмасына муўапық басқа да аккредитацияланған уйымларға жүкленеди.

Сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлер Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тастыйықлаған дизим бойынша жүргизиледи.

Адамлардың өмири, ден саўлығы, юридикалық ҳәм физикалық шахслардың мүлкине ҳәм қоршап турған орталыққа зыян тийгизиўи мүмкин болған өнимлерди таярлаў, олардан пайдаланыў, оларды тасыў ямаса сақлаў қәўипсизлигин тәмийинлеўши талаплар болмаған жағдайда «Өзстандарт» агентлиги мәмлекетлик басқарыўдың тийисли уйымлары менен биргеликте бундай талапларды ислеп шығарады ҳәм ҳәрекетке келтиреди.

**11-статья. Мәжбүрий сертификатластырыўды өткериў шәртлери**

Мәжбүрий сертификатластырыў өнимди тексериўди, өнимниң қәсийетин норматив ҳүжжетлердиң талапларына муўапықлығын анықлаў мақсетинде сынаўды, инспекциялық қадағалаў ҳәм сертификатланған өним үстинен бақлаўды өз ишине алады.

Сынаўлар аккредитацияланған сынаў лабораториялары (орайлары) тәрепинен тийисли норматив ҳүжжетлерде белгиленген усылларда, бундай ҳүжетлер болмаған жағдайда тийисли сертификатластырыў уйымлары ислеп шыққан усылларда әмелге асырылады.

Мәжбүрий сертификатластырыў жумыслары ушын арза ийеси нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳақы төлейди.

Арза ийесиниң өз өнимлерин мәжбүрий сертификатластырыўдан өткериўге сарыпланған қаржыларының муғдары усы өнимниң өзине түсер баҳасына қосылады.

Мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған, лекин муўапықлық сертификатына ийе болмаған өнимди реклама қылыў қадаған етиледи.

**12-статья. Мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлерге қойылатуғын талаплар**

Мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлер төмендеги жағдайларда:

сертификатластырыўға усынылмаған болса;

сертификатластырыў талапларына муўапық емеслиги себепли сертификатластырыўдан өтпеген болса;

егер сертификаттың ҳәрекет етиў мүддети тамам болған ямаса оның ҳәрекет етиўи тоқтатып қойылған (бийкарланған) болса, Қарақалпақстан Республикасы аймағында сатылыўы мүмкин емес.

Нызамға қылаплық етип муўапықлық белгиси басылған өнимлерди сатыў қадаған етиледи.

**13-статья. Таярлаўшылардың (исбилерменлердиң) өнимлерди мәжбүрий сертификатластырыў ўақтындағы миннетлери**

Мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлерди сататуғын таярлаўшылар (исбилерменлер);

мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған өнимди сертификатластырыўға усыныўы;

сертификатланған өнимди сертификатлаў уйымларының өзи ямаса олар тән алған уйымлар берген сертификаты бар болған жағдайда ғана сатылыўы ҳәм оның нормативлик ҳүжжетлери талапларына сәйкес болыўын тәмийинлеўи;

сертификатланған өнимди, егер ол нормативлик ҳүжжет талапларына муўапық келмесе, сондай-ақ сертификаттың ҳәрекет етиў мүддети питкен ямаса оның ҳәрекет етиўи сертификатластырыў уйымының шешими менен тоқтатып қойылған ямаса бийкарланған болса, сатыўды тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў;

мәжбүрий сертификатластырыўы шәрт болған өнимди сертификатластырыўшы ҳәм сертификатланған өнимди қадағалаўшы уйымлардың мәпдар адамлары өз ўәкилликлерин иркинишсиз орынлаўы ушын шараятлар жаратыўы;

сертификатланған өним ислеп шығарыўдың нормативлик ҳүжжетлерине ямаса технологиялық процессине киргизилген өзгерислер ҳаққында сертификатластырыў уйымын белгиленген тәртипте хабарландырыўы;

жоллама техникалық ҳүжжетте өним муўапық келиўи шәрт болған сертификатластырыў ҳаққындағы мағлыўматларды ҳәм нормативлик ҳүжжетлерди көрсетиўи ҳәм бул мәлимлемениң тутыныўшыға (қарыйдарға, буйыртпашыға) жеткерилиўин тәмийинлеў шәрт.

**14-статья. Сырттан алып келинетуғын ҳәм сыртқа алып шығып кетилетуғын өнимлерди мәжбүрий сертификатластырыў**

Мәжбүрий сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлерди Қарақалпақстан Республикасына жеткерип бериў ушын дүзилетуғын контрактлар (шәртнамалар) шәртинде өнимлердиң белгиленген талапларға муўапықлығын тастыйықлаўшы «Өзстандарт» агентлиги тәрепинен берилген ямаса мойынланған муўапықлық сертификатлары ҳәм муўапықлық белгилери болыўы нәзерде тутылыўы керек.

Миллий муўапықлық сертификатлар ҳәм муўапықлық белгилери ямаса басқа мәмлекетлердиң «Өзстандарт» агентлиги тәрепинен тән алынған муўапықлық сертификатлары ҳәм муўапықлық белгилери арза бериўши (өним жеткерип бериўши) тәрепинен бажыхана қадағалаў уйымларына жүкке байланыслы бажы декларациясы менен бирге усынылады ҳәм олар өнимди республика аймағына алып кириўге рухсатнама алыў ушын зәрүр ҳүжжетлер болып есапланады.

Сырттан алып келинип атырған өнимниң қәўипсиз екенлигин тастыйықлаўшы ҳүжжети болмаған жағдайда бажыхана, қадағалаў уйымлары бул ҳаққында «Өзстандарт» агентлигине хабарлайды ҳәм өнимди сертификатластырыўдан өткериў ямаса сырт ел сертификатын тән алыў ҳаққындағы мәселениң миллий системасы қәделерине муўапық шешилгенине шекем бул өнимди сырттан алып кириўди қадаған етип қояды.

Сертификатластырылыўы шәрт болған өнимлерди Қарақалпақстан Республикасы аймағынан алып шығыў Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети белгилеген тәртип бойынша әмелге асырылады.

**15-статья. Мәжбүрий сертификатластырыў жумысларының мәмлекет тәрепинен материаллық тәмийинлениўи**

Төмендеги жумыслар:

сертификатластырыўды раўажландырыўдың болжаўларын, оны өткериў қәделери ҳәм усынысларын ислеп шығыў;

сертификатластырыў саласында рәсмий хабарлар менен тәмийинлеў;

халық аралық (регионаллық) сертификатластырыў шөлкемлери жумысына қатнасыў ҳәм сырт еллер миллий сертификатластырыў уйымлары менен бирге жумыс алып барыў;

сертификатластырыў бойынша халық аралық (регионаллық) қәделер ҳәм усынислар ислеп шығыў ҳәм оларды ислеп шығыўға қатнасыў;

сертификатластырыў бойынша улыўма мәмлекетлик әҳмийетке ийе илимий-изертлеў жумысларын ҳәм басқа да жумыслар алып барыў;

сертификатластырыў қәделерин сақлаў ҳәм сертификатланған өним үстинен мәмлекетлик тексериў ҳәм қадағалаў алып барыў жумыслары мәмлекет тәрепинен қаржыландырылады.

**16-статья. Мәжбүрий сертификатластырыў қәделериниң сақланыўын мәмлекет тәрепинен тексериў ҳәм қадағалаў**

Таярлаўшылардың (исбилерменлердиң, сатыўшылардың, атқарыўшылардың) мәжбүрий сертификатластырыў қәделерине бойсыныўы үстинен мәмлекетлик тексериўди ҳәм қадағалаўды Қарақалпақстан сынаў ҳәм сертификатластырыў орайы мәмлекетлик инспекторлары нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырады.

**16[1]-статья. Инспекциялық қадағалаў**

Сертификатланған өнимлер үстинен инспекциялық қадағалаў өнимлерди сертификатластырған аккредитацияланған сертификатластырыў уйымының сапа бойынша эксперт-аудиторы тәрепинен белгиленген тәртипте әмелге асырады.

**17-статья. Ықтыярлы сертификатластырыў**

Ҳәр қандай өним нормативлик ҳүжжетлердиң талапларына муўапық екенлигин тастыйықлаў ушын ол юридикалық ҳәм физикалық шахстың усынысы менен ықтыярлы сертификатластырыўдан өткерилиўи мүмкин.

**18-статья. Ықтыярлы сертификатластырыўды әмелге асырыўшы субъектлер**

Ықтыярлы сертификатластырыўды «Өзстандарт» агентлиги белгилеп қойған тәртипте аккредитацияланған юридикалық ҳәм физикалық шахслар әмелге асырыўға ҳақылы.

**19-статья. Ықтыярлы сертификатластырыў системалары**

Сертификатластырыў қәделерин ҳәм тәртибин анықлаўшы ықтыярлы сертификатластырыў системалары «Өзстандарт» агентлиги менен келисилип, аккредитацияланған уйымлар тәрепинен белгиленеди.

## IV-БАП
## ДАЎЛАРДЫ ҚАРАП ШЫҒЫЎ. СЕРТИФИКАТЛАСТЫРЫЎ ҲАҚҚЫНДАҒЫ НЫЗАМ ҲҮЖЖЕТЛЕРИН БУЗҒАНЛЫҒЫ УШЫН ЖУЎАПКЕРШИЛИК

**20-статья. Усы Нызамды қолланыўға байланыслы даўларды қарап шығыў**

Усы Нызамды қолланыўға байланыслы даўлар суд тәрепинен Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте қарап шгығылады.

**21-статья. Шағымларды қарап шығыў**

Сертификатластырыў нәтийжелеринен наразы болған жағдайда мәпдар тәреп «Өзстандарт» агентлигиниң шағымларды қарап шығыў кеңесине муражат етиўге ҳақылы.

Шағымларды қарап шығыў кеңеси ҳаққындағы режени «Өзстандарт» агентлиги ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды.

«Өзстандарт» агентлигиниң шағымларды қарап шығыў кеңеси сертификатластырыў уйымлары ҳәм сынаў лабораторияларының (орайларының) шешимлери үстинен берилген шағым арзаларды қарап шығады.

«Өзстандарт» агентлигиниң шағымларды қарап шығыў кеңесиниң шешимлери үстинен нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте судқа шағым етиў мүмкин.

**22-статья. Сертификатластырыў уйымларының ҳәм сынаў лабораторияларының (орайларының) жуўапкершилиги**

Сертификатластырыў уйымы:

муўапықлық сертификатын тийкарсыз ҳәм нызамға қылаплық етип бергенлиги ушын;

арза бериўшиге нызамсыз ҳәректлер ислегени ушын;

арза бериўшиниң коммерциялық сыры болып есапланатуғын мағлыўматларды жәрия еткенлиги ушын жуўапкер болады.

Аккредитацияланған сынаў лабораториясы (орайы) сертификатластырыў уйымына сынаўлардың нәтийжелери ҳаққында надурыс мағлыўмат бергенлиги ушын жуўапкер болады.

Сертификатластырыў уйымлары ҳәм сынаў лабораториялары (орайлары) усы Нызамда айтып өтилген ҳәрекетлер нәтийжесинде арза ийесине келтирилген

зәләлдиң орнын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте толық көлемде қаплаўы шәрт.

**23-статья. Таярлаўшылардың (исбилерменлердиң) мәжбүрий сертификатластырыў қәделерин бузғанлығы ушын жуўапкершилиги**

Таярлаўшыдар (исбилерменлер) мәжбүрий сертификатластырыў қәделерин бузғанлығы ушын нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болады.

Мәжбүрий сертификатластырылыўы тийис болған, бирақ сертификатланбаған өнимди реализация еткенлиги ушын таярлаўшыға (исбилерменге) реализация етилген өнимниң баҳасы муғдарында жәрийма салынады. Жәрийма судтың қарарына тийкарланып, ал таярлаўшы (исбилермен) ислеген ҳуқықбузарлықтағы айыбын тән алған ҳәм жәрийманы ықтыярлы рәўиште төлеген жағдайда болса, нызам ҳүжжетлери менен мәжбүрий сертификатластырыў қағыйдаларының сақланыўын қадағалаў жуўапкершилиги жүкленген мәмлекетлик басқарыў уйымларының лаўазымлы шахсларының қарарына муўапық өндириледи. Таярлаўшының (исбилерменниң) соңғы есабат сәнесиндеги ағымдағы активлери суммасының жәми 20 процентинен артық муғдарда жәрийма өндириў оған өндирилетуғын сумманы өндириў ҳаққында қарар қабыл етилген күнинен баслап алты ай ишинде айма-ай бөлип төлеў имканияты берилген ҳалда әмелге асырылады. Жәрийманың төлениўи таярлаўшыны (исбилерменди) мәжбүрий сертификатластырыў өткериўден азат етпейди. *(ҚР ЖК 29.08.2007-ж. 141/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*